

## ХЕ ÆСТАУНИ БÆСТИ ХОНХÆЙ ДÆР ДОРТÆ ХÆССÆ – Е ФЕДАУЦÆДÆР ÆЙ!..

*Номдзуд ахургонд Дмитрий Менделеевмæ, дан, еухатт æрбахастонцæ, мухури ин гъæуама ка рацудайдæ, æ еци уаци корректурæ. Е имæ æркастæй, бахудтæй æма загъта: «Атемæй ин геппи уадзæн нæййес – мæ титул паддзахи титулæй даргъдæр æй...» Æцæгæйдæр, Менделеев адтæй дуйней дæсгай академити æма зонадон æхсæнадти иуонг...» Е дин абони нецæййаг ахургæндтæ – се 'лхæд «нæмттæ» нимайунæй æфсæрми нæ кæнунцæ...*


Цæун райдæдта 1993 анзи мартъий

0+

# Дигорæ

№14 (934) 2024 анзи 20 апърел – хумидайæни мæйæ

Аргъ 1 туман


### УÆЛАХЕЗИ 79 АНЗИ




## Æ НАМУСИ НАДБÆЛ ÆНÆРЛÆУГÆЙ ЦÆУЙ «ÆНÆМÆЛГÆ ПОЛК»

Цитгингæнæн акци «Посмотри на их лица»-йи архайуни фæдбæл курдиæдтæ есун райдæдтонцæ Дзæуæгигъæуи.

Устур Фидибæстон тугъди архайгути къартæ 9 майи агъоммæ фæззиндзæнæнцæ сахари рекламон аллихузон уæлцъæрттæбæл. Аци мадзали архайуйнаг ка 'й, уонæн ес равгæ 22 апърелæй 26 апърелмæ 14 сахаттемæй 17 сахаттей уæнгæ Дзæуæгигъæуи цæрæг адæмæн ес мæнæ ауæхæн адресмæ гæсгæ: Ватутини гъæунгæ, 17, косæнуат 311 – курдиадæ барветуни барæ. Еугур фарстати фæдбæл ес бадзорæн мæнæ ауæхæн телефонæй: 8(8672)53-59-77.

Ветеранти портреттæ æвæруни фæткæмæ аци анз хаст æрцудæй æйййивддзийнæдтæ. Акций архайун ке фæндуй, еци адæми нимæдзæ рекламон фæзти дæттуни фæдбæл сахари фадуæттæй фулдæр ке æй, уой нимайгæй, еу баннербæл æрæвæрдзинан ветеранти тæккæ минкъийдæр дууæ портрети. Дзæуæгигъæуи администрацимæ æ курдиадæ ка бадæтта, акций еци архайгутæн тугъди ветеранти портреттæ лæвар исараздзæнæнцæ æма сæ реклами электрон фæрæзнити исæвæрдзæнæнцæ, – финст ес нæ республики сæйраг сахари администраций игъосункæнуйнаги.

***Дзæуæгигъæуи администраций пресс-службæ***

### ЦÆГАТ ИРИСТОНИ КОМПОЗИТОРТИ ЦÆДЕСИ ИСАРÆЗТБÆЛ ИСÆНХÆСТ ÆЙ 85 АНЗИ



КЪЕСАТИ Марати конд хуæ.

**Алли адæмихатти уодиконд, цæрунгъон æма æ царди хабæрттæ аразунгъон цæй фæрци æй, æ еци æскъуæлхæнтæ 'вдесæг ба исуй æ исфæлдистадæ, уæлдайдæр ба – музыкалон.**

**Уотæ 'й мах адæми карнæ дæр. Цæргæцæрæнбæнтти цидæриддæр исфæлдиста еци æгъдауæй, етæ æнæгъæнæй гъæуайгонд кæми æрцудайуонцæ, фал нæмæ сæ фулдæр хай ба æности сæрти нæ абони цардарæзти уæнгæ æрбахъæрттæнцæ. Уони исфæлдистонцæ нæ адæми искурдиадæгин зартæ æма кадæнгитæгæнæг адæймæгутæ. Æма еци бундайради фæрци ба нæмæ фæстæдæр фæззиндтæй нæ национ профессионалон музыкалон аййевадæ дæр. Æ фæззинд дæр, æ райрæзт дæр цæйбæрцæбæл æнтæстгин æй, уомæн ба ирд æвдесæн – не 'мзæнхон музыкалон архайгутæй хъæбæр берети дæсниадæ дести æфтауй æнæгъæнæ дуйней аййевадæуарзгути.**

**Нæ абони дзубанди ба 'й уой фæдбæл, æма хуæрзæрæги нæ республики композиторти Цæдеси исарæзтбæл исæнхæст æй фондз æма цуппаринсæй анзи. Уой фæдбæл æрмæгутæ кæсетæ 3, 6-7-аг фæрстæбæл.**

## «ÆНÆМÆЛГÆ ПОЛК»



АВЗУРГУТИ Геуæргий фурт Николай (1912-1966)



ÆГЪУЗАРТИ Бариси фурт Лазæр



АЙДАРТИ Садулли фурт Николай



АКЪОТИ Омари фурт Аркадий (1922-1996)

## ГАЗЕТ «ДИГОРÆ» – АЛЛИ БИЙНОНТÆН!

**ГАЗЕТ 2024 АНЗИ ФИЦЦАГ ÆМБЕСÆН РАФИНСУНИ АРГЪ ÆЙ 368 СОМИ 10 КЪАПЕККИ (ТУГЪДИ ÆМА ФÆЛЛОЙНИ ВЕТЕРАНТÆН БА – 324 СОМИ 48 КЪАПЕККИ)**

**ГАЗЕТ «ДИГОРÆ» РАФИНСУН ÆНГЪЕЗУЙ «УÆРÆСЕЙ ПОЧТИ» ЕУГУР ХАЙÆДТИ ДÆР, УÆДТА МУХУР УÆЙÆГÆНÆН КИОСКТИ ДÆР**


http://gazeta-digora.ru E-mail: gazeta-digora@inbox.ru

***ГÆЛУАТИ Ацæмæз, нæ республики культурон бундайрадæ æма историон циртдзæвæнтæ гъæуайкæнуйнади Комитети сæрдар: «Нæ Иристони цитгиндзийнадæ айдагъ не ’гъдæуттæй нæй, фал ма æ культурон историон бундайрадæй дæр.***

## ЦАРДИУАГИ УАВÆРТÆ



Социалон фарстатæ æртасæг агентадтæй еуей эксперттæ æрфарст исаразтонцæ Уæрæсей цæргутæй гъæйттæй ка косуй, уонæй 1600 адæймагей æхсæн. Фæрсгæ ба сæ кодтонцæ, сæ цардиуаги син ахсгиаг ка ’й, уæхæн фарстай фæдбæл: сæ æновуд кусти туххæй син цæйбæрцæ æхца федунцæ сæ кустдæттгутæ, уомæй цæйбæрцæбæл арази ’нцæ. Æма æрфарст адæмæн сæ 4% куд нимайунцæ, уотемæй син сæ дæснидзийнади аккаг мизд федунцæ. Мадта 83% ба уотæ гъуди кæнунцæ, æма син гъæуама фулдæр федонцæ. Фал си айдагъдæр 32% гъавунцæ уой фæдбæл æргомæй исдзорун, 25% ба не ’ндеунцæ уой кой искæнун. Сæ мизд син фæффулдæр кæнун уæлдай разæнгарддæрæй домунцæ, сæдæ мин сомемæй фулдæр ка есуй, етæ.

## БИЙНОНТИ АНЗ




Еугуруæрæсеуон конкурс «Это у нас семейное»-йи æрдæгкæронбæттæн еристæ 18-21 апърели рацæудзæнæнцæ сахар Ростови. Архайдзæнæнцæ си Цæгат Иристони минæвæрттæ дæр.

Уæлахездзаутæ æма призертæ исбæрæг уодзæнæнцæ 21 апърели. Етæ ба Цæгаткавказаг æма Хонсайраг федералон зилдтити номæй архайдзæнæнцæ кæронбæттæни æркасти. Е уодзæнæй сæрди, æ уæлахездзаути нæмттæ ба исбæрæг уодзæнæнцæ бийнонти, уарзондзийнадæ æма еузæрдиуондзийнади Бони – 8 июли. Уæлахездзау 30 бийнонтемæн исаккаг кæндзæнæнцæ фæйнæ 5 миллион сомей аргъ цæрæнуатон сертификаттæ, кæронбæттæни архайæг 300 бийнонтемæн ба балæвар кæндзæнæнцæ туристон балцæгтæ.

## ХУÆРЗАУОДÆН



Нæ республикæ исиуазæг кодта, гæрзефтонг нихмæлæуди тæссаг фæстеугутæ сæхебæл ка бавзурста, еци белгородаг райони цæрæг æнагъонти. Уони рæстæгмæ багъудæй сæ ниййергутæй фæххецæн ун æма сæ райгурæн бунæттæ ниуудзун. Нæ иуазгутæ æрфусун кодтонцæ реабилитацион центр «Тамиск»-и. Ес си еугур фадуæттæ дæр, цæмæй белгородæгтæ сæ тухстдзийнæдтæ феронх кæнонцæ, зæрдрохс уонцæ иристойнаг ауодундзийнадæ æма иуазæгуарзондзийнадæй. Арæзт син цæудзæнæй аллихузон бæстæзонæн æма хеерхæфсæн мадзæлттæ. Уой хæццæ сæ ахур дæр нæ фæкъкъулумпи уодзæнæй. Сæрмагонд автобустæ сæ ласдзæнæнцæ ахурмæ Берæгъзæнги скъоламæ.

## ЦАУТÆ. ХАБÆРТТÆ. НИСАНТÆ.

Фиццаг Майи бæрæгбони размæ косгæ къуæре уодзæнæй æхсæз боней дæргъи (22-27 апърели), уой фæсте ба 28-30 апърели æма 1 Майи уодзæнæнцæ фæлладуадзæн бæнттæ. Нæ Цитгин Уæлахези бæрæгбон ци къуæремæ хауй, уоми ба косгæ бæнттæ уодзæнæнцæ æртæ (6-8 май), фæлладуадзæн бæнттæ ба уодзæнæнцæ 9-12 майи.

Майи мæйи 31 къæлендарон бони ес. Уомæ гæсгæ ба, къуæрей дæргъи фондз бони ка косуй, еци косгутæ еумæ райсгæй уолæфдзæнæнцæ 11 бони, ци 20 бони ма байзайдзæнæй, етæ ба уодзæнæнцæ косгæ бæнттæ.

* * *

**Цæгат Иристони муфтий Гуæцæлти Хаджиморат куд игъосун кæнуй, уотемæй хадж искæнуни фæндæй Саудаг Аравимæ, алли пусулмон адæймагæн дæр тæккæ цитгин сахар Меккæмæ нæ республикæй фæццæуйнаг ка ’й, еци къуар исаразунбæл ма нерæнгæ куст цæуй. Алли анз дæр еци цитгин рауæнмæ махæй рандæуй 200 адæймагей бæрцæ. Аци анз ба гъæуама сæ бæрцæ исхъæрта 180 адæймагей уæнгæ. Хаджгæнгутæ уоми фæууодзæнæнцæ æртæ къуæрей.**

**Хадж æй пусулмон дини фондз цæгиндземæй еу, æма уой гъæуама алли пусулмон дæр исæнхæст кæна æ равгитæмæ гæсгæ. Аци ахсгиаг гъуддаг цæмæй къохи бафтуйа, уой туххæй сæмæ æ усхъæ бадардта нæ республики пусулмæнтти æхсæнади разамунд.**

* * *

**Уæлбаргун сæйгитæн ци гъæугæ хуастæ гъæуама лæвæрд цæуонцæ, уони исамал кæнунæн нæ республики уæлæнхасæн дехгонд æрцудæй æртæ æма инсæй миллион соми. Раздæр ба аци анзæн еци гъуддаги туххæй дехгонд æрцудæй 556 миллион соми.**

* * *

«Альфа»-йи туъдонтæ» – уæхæн ном æрæги лæвæрд æрцудæй Сæйраг Кавказаг рагъи æнæном хуæнхтæ еуемæн. Еци хонх æй Алагири райони, æ бæрзæндæ ба ’й 3,2 мин метри.

* * *

**Дигоргоми тæккæ бацæуæни ци тъунел ес, уой фæннæуæгдæр кæнунбæл куститæ рæхги райдайдзæнæнцæ, тъунел арæзт æрцудæй дæсгай æнзти размæ, æма æ уавæр нури домæнти аккаг нæбал æй. Фиццагидæр, уомæ гæсгæ æма над Чикола-Мæцутæ-Коми-Арт абæлти цæуй, коми ци берæ туристон уагæнттæ ес, уонæмæ. Æма бæлцæнттæн гъæуама сæ балций равгитæ уонцæ зæрдæмæдзæугæ.**

## АРФИАГ ХЪÆППÆРЕС Æ БАФÆНЗУНÆЙ ИСУЙ АЛÆМÆТТАГ!..

# ÆНСУВÆРИ ЗÆРДÆ ÆНСУВÆРМÆ ÆХУÆДÆГ ТУНДЗУЙ!..



Турки цæрæг не ’мзæнхонти æхсæнадæ «Алан»-и минæвæрттæ нур цалдæр бони иуазæгуати ’нцæ Цæгат Иристони. Сæ фидтæлтæ Туркмæ рафтудæнцæ XIX æноси, фал уæддæр сæ къохи бафтудæй нæ фидтæлтиккон æгъдæуттæ æма маддæлон æвзаг багъæуай кæнун.

Нæ турккаг иуазæг æнсувæрти хæццæ фембалдæй Цæгат Иристони Сæргълæууæг **Сергей Меняйло**. Зæгъун гъæуй уой, æма еци фембæлди рæстæг сæ дзубанди цудæй иронау. Нæ республики разамонæг сæрмагондæй баханхæ кодта, куд æхцæуæн æй сæ фидтæлти уæзæгæй уоййасæбæл идарди цæргæй дæр, куд зæрдтагонæй æнхæст кæнунцæ нæ адæми удварни бундайради гъæздугдзийнæдтæбæл: нæ рæсугъд æгъдæуттæбæл, нæ маддæлон æвзагбæл… Сæ зæрдитæ нæ исæйййивтонцæ сæ фидтæлти райгурæн зæнхæбæл, æхцул ибæл æнцæ, зæрдæхцæуæнæй федар кæнунцæ æ хæццæ бастдзийнæдтæ.

Иуазгути номæй иуазгути хестæр **Хъусати Садреттин** зæрдиагæй райарфæ кодта республики разамонæгæн, Турки цæрæг иристойнæгти хæццæ бастдзийнæдтæ кæнунбæл æновудæй ке архайуй, уой туххæй.

Нæ турккаг æнсувæрти хъæппæресæй ма æрæги Цæгат Иристони гуманитарон æма социалон æртасæнти институти арæзт æрцудæй цæмæдесаг мадзал. Уой растдæр уодзæнæй исхонун, нæ адæми удварнон бундайради хæзнатæ, уæлдайдæр ба нæ маддæлон æвзаг æма нæ фидтæлти æгъдæуттæ багъæуай кæнунбæл зæрдиагæй абони комкоммæ Цæгат Иристонæн æхеми ка архайуй, уони хæццæ фембæлд.

– Гъулæггагæн, не ’взаги, нæ культури, нæ историй, не ’гъдæутти уавæр нин фæстаг рæстæгути æгæр сагъæссаг исæй, уотæ ку зæгъæн, æма сæ уавæр фуддæрæй-фуддæрмæ цæуй, уæд е, ка ’й зонуй, æгæр карз загъд уодзæнæй, фал гъуддæгутæ лæмбунæг ку æркæсæн, уæд берæ цæмæйдæрти раст уодзæнæй. Æма уотæ ке æй, уобæл ба нæ рæстзæрдæ дзиллæ тухсунцæ.

Уогæ нифсгун кæнуй е, æма, Хуцауæй арфиаг ан, табу ин уæд, ес ма нæмæ уæхæн адæм, не ’взаг æма нæ культурæбæл, не ’гъдæуттæбæл сæ дзиппитæ мулкитæй байдзаг кæнунæй раздæр ка мæтæ кæнуй. Уæдта сæмæ ци равгитæ ес, уомæй агъаз кæнунцæ уони æнæгъæнæй багъæуай кæнун æма сæ нæ исонибони фæлтæртæмæ федауцæй бахъæртун кæнунæн. Гъема мах, Турки цæрæг иристойнæгти æхсæнадæ «Алан», исбæрæг кодтан еци адæми, æма син нæ зæрди ес райарфæ кæнун. Нæ сæртæй син ниллæг ковæн. Етæ нæ истори, культурæ æма æгъдæуттæ багъæуай кæнунбæл уоййасæбæл æновудæй ке хъазауат кæнунцæ, уой туххæй син бацæттæ кодтан сæрмагонд майдантæ, – загъта æхсæнадæ «Алан»-и сæрдар Хъусати Садреттин.

Кадгин хуæрзеуæгæй хуарзæнхæгонд æрцудæнцæ нæ республики раздæри Сæргълæууæг **Битарти Вячеслав**, газет «Дигорæ»-йи сæйраг редактор **Сакъити Эльбрус**, газет «Рæстдзинад»-и сæйраг редактор **Фидарати Юрий**, Уæрæсей Федераций культури æскъуæлхт косæг, продюсер æма режиссер, «Нарт-Арт студи»-й директор **Туати Теминæ**, литературон-аййевадон æма æхсæнадон-политикон журнал «Мах дуг»-и сæйраг редактор **Хетæгкати Оксанæ**, хузæгæнæг-модельер, киндздзон æма национ дарæси зундгонд хуйæг **Годжицати Изольдæ**, уæрæсейаг историк-кавказæртасæг æма æхсæнадон архайæг, историон наукити доктор, профессор **Бзарти Руслан**, Цæгат Иристони Тæбæхсæути Балой номбæл паддзахадон театри аййевадон разамонæг **Уалити Гиви**, Цæгат Иристони паддзахадон ансамбль «Алан», Цæгат Иристони базарадон-экономикон колледжи директор **Æбити Валерий**, Цæгат Иристони Гуманитарон æма социалон æртасæнти институти директор **Хъанухъуати Зæлинæ** æма иннетæ.

Иристони хæццæ бастдзийнæдтæ ке нæ исафунцæ, сæ хестæрти æгъдæуттæбæл ке нæ устурзæрдæ кæнунцæ, сæ маддæлон æвзаги исонибонбæл ке мæтæ кæнунцæ, е нин нифс дæттуй, еумæ не ’гъдæуттæ, нæ маддæлон æвзаг æма нæ фидтæлти фарнæ ке багъæуай кæндзинан, уой туххæй.



**Киунуги æма автори барти Еугурдуйнеуон бон бæрæггонд цæудзæнæй 23 апърели. Нисангонд ба æрцудæй 1995 анзи ЮНЕСКО-й Генералон конференций хъæппæресæй.**

*Нæ ихæс æй нæ еци гъæздугдзийнæдтæбæл зæрдиагæй ауодун, нæ исонибони фæлтæртæн сæ федауцæй багъæуай кæнун. Æцæг еци гъуддаг ба нин æнхæстæй бантæсдзæнæй еумæйаг хъауритæй, æмзунд-æмвæндæй ку архайæн, уæд...»*





# ДУЙНЕБÆЛ ХУАРЗÆЙ ЦИДÆРИДДÆР ЕС, УОНÆН СÆ ХУÆЗДÆР – МУЗЫКÆ!..»

Нæ республики композиторти Цæдеси исарæзтбæл фондз æма цуппаринсæй анзи ке æнхæст кæнуй, е æй нæ национ аййевадон къабази нæ, фал æй æхсæнадон-политикон цардиуаги агъазиау цау. Уой фæдбæл нæ республики композиторти Цæдеси сæрдар Махъоти Ацæмæз уотæ баханхæ кодта:

– Ци мадзæлттæ арæзт гъæуама æрцæуа, уони æхсæн – фондз концерти рацæудзæнæй Дзæуæгигъæуи – нæ национ музыкалон аййевади райрæзтмæ зингæ æвæрæн ка бахаста, уонæй абони не 'хсæн ка нæбал æй, еци игъустгонд композиторти номерæнæн. Арæзт ма æрцæудзæнæй адæмон музыки, вокалон музыки æма симфонион оркестри дууæ концерти. Архайдзæнæнцæ си æригон искурдиæдтæ.

Махъоти Азæмæз æ радзубандий æримиста нæ национ музыкалон аййевади архайгути берæ фæлтæрти исгъомбæлгæнæг Лолати Зареми. Е хъæбæр устур æргом æздахта, цæмæй нæ исуйнаг музыканттæ æновуд уонцæ нæ национ композиторти исфæлдистадæбæл, æма æ еци домæн хуæрзæрдæмæ фæббæрæг æй – æ гъомбæлгæнуйнæгтæй беретæ иссæнцæ зундгонд композитортæ, музыкалон архайгутæ. Раздæри рæстæгути растауйнаг фæткитæй еу адтæй: Хаханти Дудари, Гæбæрати Ильяй, Æлборти Феликси æма нæ иннæ национ композиторти уадзимистæ игъустæнцæ алли концертæн дæр æ дуккаг хайии. Гъулæггагæн, еци фæткæ ихæлд æрцудæй аст анзей размæ, симфонион оркестр хæлеугонд ку 'рцудæй, уæд. Уотемæй ба бæрæг адтæй æ зингæ ахедундзийнадæ – æ нисан адтæй, цæмæй нæ композитортæ финстайуонцæ професcионалон симфонион музыкæ æма син сæ уадзимистæн адæммæ хъæртуни фадуат адтайдæ. Еци оркестр ку нæбал адтæй, уæд цæйбæрцæ рæстæг син сæ уадзимистæ нæбал цагътонцæ. Фал, хуæрзамондæн, Махъоти Ацæмæзи фæрци уавæр растгонд æрцудæй – ци симфонион къуар исаразта, уой музыканттæ бæрцæй берæ кæд нæ 'нцæ (айдагъдæр дæс æма инсæй адæймаги), уæддæр æновудæй архайунцæ, ци рæстæг исæфт æрцудæй, уой банхæст кæнунбæл. Размæцуд нæ бакъулумпи æй Цæдеси разамонæги фæрци. Махъой-фуртæн бантæстæй, цæмæй æнæмæнгæ исæнхæст кæнуйнаг ка 'й, еци фарстатæмæ æркастайуонцæ республики парламенти æмбурди. Дзубанди цæбæл цудæй, уой фæдбæл депутаттæ бæргæ рахастонцæ хуарз унаффæ, фал æй царди рауадзунбæл ба нерæнгæ дæр архайд нæ цæуй. Зæгъун гъæуй уой дæр, æма культури министрадæн байхæс кодтонцæ, цæмæй музыкалон ахургæнæндæнтти, национ авторти уадзимистæ ахур кæнуни гъуддагмæ æнхæст æргом æздæхт цæуа.

Нæ республики композиторти Цæдеси архайд исæнтæстгиндæр кæнунбæл уодуæлдайæй ка хъазауат кодта, уонæй еу адтæй Кокойти Тæтæрхъан – нæ национ музыкалон аййевади зингæ архайæг. Куд имисунцæ, уотемæй сауæнгæ æ хæдзарæ дæр рауæлдай кодта хунд дирижертæн филармоний тургъи, цæмæй син си цæрунæн фадуæттæ уа. 1944-1945 æнзти Павел Ядых æма Дударати Вероники æрбацуди хæццæ Иристони симфонион музыкæ исхизтæй уæлдæр къæпхæнмæ. Уæди уагæвæрдмæ гæсгæ концерти фиццаг хайии игъ-



КОКАЙТИ Тæтæрхъанæн циртдзæвæн Дзæуæгигъæуи

устæй дуйнеуон æма уруссаг авторти музыкæ, дуккаги ба, Бетховен æма Рахманинови уадзимисти æмрæнгъæ игъусиуонцæ Хаханти Дудари, Гæбæрати Ильяй, Плити Жанни уадзимистæ.

Нур Уæрæсей хонсайраг хаййи Цæгат Иристони композиторти Цæдес нимад цæуй агъазиау гъомусгин исфæлдистадон еугондбæл. Нæ композитортæн сæ хестæр – Кокайти Барис, сæ кæстæр ба – Гæбæрати Эльсанæ. Цæдеси иуонгтæй еуетæ цæрунцæ Уæрæсей æндæр сахарти, уæдта фæсарæнти. Хестæрти фарнæ кадæ æма ради хæццæ идарддæр хъæртун кæнунцæ Къæбойти Николай, Хъанухъуати Ларисæ, Людмилæ Ефимцова. Хосроти Тамерлан, музыкæртасгутæ Бæтæгати Татьянæ æма Маринæ Ядых. Нæ национ музыкæ изæлуй синхаг регионти æма фæсарæнти композитортæ æма оркестрти хæццæ бастдзийнæдти, уæдта дзурддзæугæдзийнади фæрци.

Къæбойти Николай разамунд дæттуй Суанти Кими номбæл эстрадон оркестрæн, Хосроти Тамерлан – алæмæти дæсни ахургæнæг – цæттæ кæнуй дирижерти. Агъазиау фæрæзнæ 'й нæуæгæй исарæзт симфонион оркестр, е адæми тæрхонмæ хæссуй национ композиторти уадзимистæ.

Нæ республики композиторти Цæдеси сæрдар Махъоти Ацæмæзи фæрци 2018-2022 æнзти арæзт æрцудæй фондз еугурдуйнеуон фестивали. Сæ фиццаг хундтæй «Синхæгти музыкæ – æрдхуæрдти музыкæ». Цæгат Кавкази еугур республикити дæр исаразтонцæ концерттæ. Игъустæнцæ си бунæттон, уæдта синхаг республикити композиторти уадзимистæ.

Дуккаг фестиваль хундтæй «Цæгат-Хонсар», архайдтонцæ си цуппаринсæй музыкантти Цæгат Кавкази алли рауæнтæй, зали адтæнцæ республикити разамонгутæ. Оркестр цæгъдун ку райдæдта, уæд адæм еугурæйдæр исистадæнцæ æма имæ игъустонцæ лæугæй. Еци цаубæл хъæбæр бадес кодта Уæрæсей Федераций адæмон артист, профессор Валерий Хлебников: «Айдагъдæр Иристони игъосунцæ музыкæмæ лæугæй, уæхæн дессаг некæдма некæми фæууидтон!..»

Еугур еци цаутæ æма хабæртти туххæй дзоргæй Махъоти Ацæмæз баханхæ кодта:

– Нæ национ музыки размæцуд баст адтæй республикон филармоний, Ирон театр, ансамбль «Алан» æма Музыкалон театри хæццæ. Ирон театри бакустон дууадæс анзи, æстдæс æма дууинсæй спектаклемæн ниффинстон музыкæ, уоми мæ исахур кодтонцæ нæ маддæлон æвзагбæл кæсун æма финсунбæл дæр. Устур агъаз мин фæцæнцæ нæ национ сцени дæснитæ. Гъулæггагæн, еци агъазиау æма нæ национ культури райрæзти сæрбæлтау æнæмæнгæ гъæугæ фæткæ абони нæбал æй, уотид имисуйнаг иссæй, евгъуд рæстæгути амæттаг бацæй, профессионалон композиторти нæбал хонунцæ, æвæдзи, æхца сæмæ нæййес... Еци æма æндæр сагъæссæг фарстатæбæл еудадзуг уомæ гæсгæ дзорун, æма мæ фæндуй, цæмæй Иристони профессионалон музыкæ, куд нæ национ культури зингæ къабазæ, уотæ ма нидæн кæна, гъомусгинæй-гъомусгиндæр куд кæна.

Æвддæсæймаг æности цæрæг финсæг рохситауæг Джосеф Адиссон кæддæр уотæ загъта: «Уæлæрвти дæр æма зæнхæбæл цæргутæн дæр цидæриддæр æй зундгонд, уонæн сæ тæккæ хуæздæр æй музыкæ!..» Нæ зæрдæбæл бадарæн аци фæдзæхст, æма нин зунди хуасæ фæууæд, разæнгард нæ кæнæд нæ еци хуарздзийнадæ тæккæ мондагдæр хузи багъæуай кæнунбæл æновудæй архайунмæ...

* * *

Цæгат Иристони аййевади цардгъондзийнадæбæл æновуддæр архайгутæй адтæнцæ Галати Барис æма Виктор Долидзе дæр. Æма уони туххæй æрмæгутæ кæсетæ 6-7-аг фæрстæбæл.

## НÆКÆСИ

**Нæ республики музыкалон царди æрæги æрцудæй цийнаг цау – кадгин уавæри Беслæни байгон æй музыкалон скъола, лæвæрд ин æрцудæй нæ зундгонд композитор, Уæрæсей, Цæгат æма Хонсар Иристони, Мæхъæли Республики аййевæдти æскъуæлхт архайæг, Цæгат Иристони адæмон артист, Хетæгкати Къостай номбæл Паддзахадон премий æртæ хатти лауреат Махъоти Ацæмæзи ном.**



## ЗУНДГИН ЗАГЪДМÆ МА ИГЪОСÆГ КУ УАЙДÆ!..



Уæд дин еухатт еу лæг æ зонгæн, оркестри разамонæгæн, дæ оркестрмæ мæн дæр райсай, зæгъгæ, ку зæгъидæ.

– Æма ауæхæн кустмæ арæхсис, уой мин куд некæд иской кодтай!..

– Æма си ци арæхсун гъæуй?.. Уæртæ дæ кæсгутæй еуемæ кæсун, æма е 'нæхайири къуæцæл ратели-бателæ кæнуй, æндæр ку неци кæнгæ 'й уинун. Æма уæд æз ба лæгъуздæр исарæхсдзæнæн къуæцæлæй равзедæ-бавзедæ кæнунмæ?..

* * *

*Æма абони ба, кустæн æгириддæр ка неци лæдæруй, уотемæй ба ка æрфусун уй, уæхæн «ацъагъуæгинтæ» нæмæ минкъий ес? Советон Цæдес фехалгæй нæ паддзахади гъуддæгутæ ке къохти бафтудæнцæ, етæ советон цардарæзти æгъдæуттæ æма фæткитæн сæ еугуребæл дæр бахъоди кодтонцæ, зæгъгæ, ка дзоруй, етæ бустæги раст нæ 'нцæ. Нæуæг «цардаразгутæ» пайда кæнунцæ еци догæй ист цæмæйдæртæй – уой дæр, гъулæггагæн, фулдæр сæ тæккæ нæбæзгæдæртæй.*

*Зæгъæн, советон доги устур цæстиварди адтæй уæхæн гъуди: «Паддзахадæн разамунд дæттунгъон æй хуæруйнаггæнæг силгоймаг дæр!..» Æма берæ бæрнон бунæтти æвæрд цудæнцæ, кустмæ æгириддæр ка нæ арæхстæй, уæхæн адæймæгутæ, партион бодзотæ. Æма дессаг некæмæ кастæй, зæгъæн, хумæтæг тунæуафæг партион кустбæл фæццалх уогæй, æнæгъæнæ Цæдеси культури министр ке иссæй, е.*

*Æма уæхæн «дессæгтæ» ба абони дæр минкъий æнцæ? Фæххуæцæг æма дæ размæ, уæлæмæсхуайæг уæд, æма дæ цийфæнди разамонæг кусти аккаг дæр ракæндзæнæнцæ…*



**КОНФУЦИЙ, рагон китайаг зундилæг: «Ахургæнæг загъта: «Æууæнкæ кæбæл нæййес, уæхæн адæймаги хæццæ ести гъуддаг исаразæн куд ес?.. Уæрдунæн сæмæн ку нæ уа, уæд ибæл цæуæн куд ес?..»**

* * *

Æма нæ абони цардарæзти гъуддæгутæ ке къохти 'нцæ, уонæн сæ фулдæрей бон ке нæй, уони гъæугæ хузи æнхæст кæнун (æви арæхсгæ дæр нæ кæнунцæ, кенæ ба сæ фæндгæ нæ кæнуй е 'нхæст кæнун?), æма сæбæл куд гъæуама æууæндæн. Никки – паддзахадон гъуддæгутæн сæ федардæр сæмæн æнцæ, уони арæхстгин æма рæстзæрдæй æнхæст кæнунгъон адæймæгутæ… Æма нæ абони ба уæхæнттæ айдагъдæр хумæтæг саугуст æнхæстгæнгутæн гъæунцæ…



**Фриндрих НИЦШЕ (1844-1900), немуцаг философ: «Цидæр бæрнон бунати исæвæруйнаг ке адтæнцæ, е син нæ арази кодта: «Мæ зæрдæмæ нæ цæуй…» Бафарстонцæ 'й: «Цæмæннæ?..» Загъта син: «Уомæн æма уой уæнгæ нæ исирæзтæн…» Æма еци цауæй философ искодта хатдзæг: «Цума уотæ, бæлдтаг бунæттæмæ хицæгæнгутæй, еске ескæд зæгъдзæнæй?..»**

* * *

Уотæ куд гъæуама зæгъа хицæгæнæг, кæд æма уæхæнттæн сæ зундирахаст уæхæн æй: «Æма æз ба уомæй цæмæй фуддæр дæн!..» Æма куддæр ин равгæ фæууа, уотæ æрбабаддзæнæй цийфæнди кусти сæргъи дæр – арæхсуй имæ æви нæ, е имæ нимади дæр нæ уодзæнæй. Уæхæн адæймæгути миути туххæй ба берæ карз зæгъдтитæ нин байзадæй нæ разагъди зундилæгтæй (уонæй еу кæсетæ идарддæр).



**Лев ТОЛСТОЙ (1828-1910), финсæг: «Адæймагмæ хураз цæстæй ку нæ кæсай, уæд дæ царди дæ ахсгиагдæр ихæс не'нхæст кæнис…»**

* * *

Мæнæ ци «ацъагъуæгинти» кой кæнæн, етæ æгириддæр барæ кæмæ нæ дарунцæ, уæхæн бунæттæмæ байервæзгæй, етæ æнхæсткæнунгъон нæ фæуунцæ айдагъ сæ комкоммæ ихæстæ нæ, фал ма адæми хуарзæн архайунгъон. Уæдта сæ е фæндгæ дæр нæ фæккæнуй, уомæн æма тулаваст фæуунцæ сæ еугур равгитæй дæр сæхе хуарзæн пайда кæнунмæ.

**Цæгат Иристони адæмон хузæгæнæг, номдзуд зартæгæнæг Сæбанти Тазей фурт Хаджеумари райгурдбæл 24 апърели æнхæст кæнуй финддæс æма цуппаринсæй анзи (1929-2016).**

*Генрих Белль (1917-1985), немуцаг-финсæг: «Сталинградмæ сæ ке неке худта, уæдта уæлахез кæми фæууиуонцæ, уоми сæхе тогцъух сирдти хузæн ке æвдистонцæ, састи бунати кæми байзайиуонцæ, айдагъдæр уоми ке иссæнцæ адæймæгути хузæн, уой абони уæнгæ дæр немуцæн сæ фулдæр хай нæма баладæрдтæнцæ...» Æцæгæйдæр, немуц сæ тæлтæг фудвæндитæй сæхе адæ-*

## «ÆНÆМÆЛГÆ ПОЛК»



**АКЪОТИ Константини фурт Илья**



**АРСÆГТИ Габиси фурт Михаил (1906-1978)**



**БЕСОЛТИ Даукуйи фурт Темурхъан (1925-2003)**



**БЕСОЛТИ Гогай фурт Заурбек (1905-1944)**

## ФÆДЕСИ НИФСХАСТÆЙ ФÆННÆХСТÆР УН ЛÆГДЗИЙНАДÆ ÆЙ!..

# МАКÆД СÆ ФЕРОНХ КÆНÆ, ИРИСТОН!..




Дзиллæ еудадзуг кæми дзугур кодтонцæ, сæ зæрдрохсдзийнадæй алæмæти федауцæ ка адтæй, еци сæйраг сахар Дзæуæгигъæуи бæрæгастæу 1941 анзи 22 июни фæсте фæккуддæр æй. Гъо, адæм ма си берæ 'змалдæй, фал си раздæри цийнæдзийнадæ нæбал адтæй. Къуæрттæ-къуæрттæй си æмбурдтитæ кодтонцæ, фал си раздæри игъæлдзæг дзубандитæ ба нæбал игъустæй. Еугурæйдæр – тухстхуз, мæтъæл. Гъе уотемæй игъосунцæ радиомæ, кæрæдзей къохтæй есунцæ нæуæг газеттæ... Тугъди æверхъау хабæрттæмæ гæсгæ сæ цæститæбæл уайунцæ пеллонкалæг æвуд адæми тоги лæсæнтæ. Маст. Æгæрон маст рæмодзуй мингай цæститæй, домуй æрбалæборæг знаги нихмæ лæгæй-лæгмæ æрлæуун, тогмæ тог си райсун.

Гъе уотемæй райдæдтонцæ сæ дзубанди советон доги зундгонд журналисттæ Дзаттиати Тотурбег æма Губати Чермен (гъулæггагæн, абони не 'хсæн нæбал æнцæ, рохсаг уæнтæ…), кæддæр газет «Рæстдзинад»-и ке ниммухур кодтонцæ сæ еци очерк «Ма сæ феронх кæнæ, Иристон…»

### «ФУДГОЛТИ КАРЗ ТОХИ НИККÆНДЗИНАН ДÆРÆН!..»

Еци æрмæги райдайæни ба сæрмагондæй æримистонцæ уæди искурдиадæгин æригон финсгути, кæцитæ нифсхастæй рандæнцæ нæ Фидибæстæ немуцаг-фашистон æрбалæборгутæй фæййервæзун кæнуни тохмæ æма си беретæ уой сæрбæлтау иснивонд кодтонцæ сæ æригон цард.

Очерки автортæ куд финсунцæ, уотемæй тугъди райдайæни дуккаг бон Дзæуæгигъæуи бæрæгастæу Ленини фæзи кинотеатри хуæдфарсмæ лæудтæнцæ цалдæр æригон лæхъуæни. Атæ не 'ригон поэттæ 'нцæ. Ахид рамбург уиуонцæ сахари аци райдзаст гъæунги. Сæ игъæлдзæгдзийнадæмæ гæсгæ сæбæл адæм сæ цæстæ æрæвæриуонцæ. Цард сæмæ, куд фæззæгъунцæ, æ медбилти худтæй æма ибæл етæ дæр зæрдиагæй зартæ кодтонцæ.

Нур ба сæмæ лæкæсайтæ: еунæгей цæсгонбæл дæр си игъæлдзæги æнгас, æнæмæтæдзийнади фæд нæ фæууиндзæнæ. Сæ дзубандитæ дæр, раздæри хузæн гъазæн, хеерхæфсæн нæ 'нцæ. Æгæрон мæтæ син тухсун кæнуй се 'ригон зæрдитæ. Æгæрон агъазиау ихæс ислæудтæй сæ размæ æма 'й куд хуæздæр æма тагъддæр исæнхæст кæнонцæ, уобæл æй сæ сагъæс, сæ мæтæ.

Лæхъуæнтæй еу, Кочисати Мухарбег е 'мбæлттæмæ газет «Рæстдзинад»-и нæуæг номер æвдесуй:

– Кæсайтæ, не 'мбал ци цæф никкодта фашистон æрбалæборгутæн!..

Фæсевæд ибæл уайтæккæ æрбамбурд æнцæ. Æма син е дæр кæсун байдæдта:

«Истори!
Ацы диссаджы хуыцаубон
Дæуæн æнусмæ
Стыр цауæн бæздзæн.
Æвиппайды
Фашизмы 'рдонгтæ
Абон
Ныббырстой нæ арæнтæм
Æрра сырдты хуызæн!
Цы ис гæнæн!
Нæ хъуыддаг махæн
раст у
Нæй сау калмимæ
Сабырæй цæрæн.
Цæй сыст, мæ Райгуырæн!
Фашизмы ныхмæ
Рацу!
Фыдгулты карз тохы
Ныккæндзыстæм дæрæн!..

– Истори... Уогæ ба е, уойиасæбæл тухгин уогæй, цæйбæрцæбæл æнæхъаурæ разиндтæй фашистон лæгсирдти размæ, – мæтъæлæй райдæдта æ дзубанди Хъанухъуати Майрæм. – Куд бауагъта истори зæнхæбæл фашизм исæвзурун, адæмти фидбилизæн исбайлæгъ ун?

– Æма ка 'й истори? – бафарста Калоти Хазби æма æ фарстæн дзуапп дæр æхуæдæг равардта: – Адæм, мах нæ еугурдæр еумæ – дуйней сабурдзийнадæ уарзагæ дзиллитæ. Æма еци рæдуд исраст кæнун дæр нæхемæ 'рхаудтæй. Æмдухæй, æмвæндæй исистæн æма ниллицъæ кæнæн фашизми!..

Калой-фурт æ гъудитæ лæмбунæгдæр, æ зæрди устур маст ирддæрæй равдиста æ нæуæг æмдзæвгæ «Арт»-и æма 'й бакастæй е 'мбæлттæн.

«Цæуын нæ номдзыд Сырх Æфсадмæ», – уотæ исхудта æ фицдаг тугъдон æмдзæвгæ Хъанухъуати Майрæм. «Хæрзбон, Æна...» Куд зин зæгъæн адтæй еци дзурд æригон лæхъуæнæн, тугъдмæ цæугæй! Фал къостайгъæуккаг æригон поэт Тотити Илья тугъди тæккæ райдайæни фицдаг еци æмдзæвгæ ниффинста. Æма æй е 'мбæлттæн ку бакастæй, уæд си еу рæстæг сибиртт некебал цъухæй исхаудтæй, гъудити ранигъулдæнцæ.

– Æз ба нерæнгæ нецима ниффинстон, – æрæгиау мæтъæлхузæй исдзурдта Кочисати Мухарбег…

РЕДАКЦИЙÆЙ. Кочисати Мухарбег æхцæгæйдæр уотæ загъта æви нæ, уой нæ зонæн, уæдта 'й зонгæ дæр некебал бакæндзинан – нæ искурдиадæгин поэт æхсаргинæй фæммард æй знаги нихмæ тохи. Фал кæд уотæ загъта, уæддæр, æвæдзи, æ хуæдæфсармæдзийнадæмæ гæсгæ. Æндæра, тугъди райдайæни дуккаг бон 23 июни ниффинста æмдзæвгæ «Адæмы маст». Махмæ гæсгæ, раст уодзæнæй уой æнæгъæнæй рамухур кæнун.

Мæ мастæн æрæнцайæн нæй.
Мæ фæндтæн тызмæг у сæ ахаст.
Зæгъут-ма, æмбæлттæ, цæмæй,
Цы карздæр, цыфыддæр дзырдтæй
Зæгъон æз мæ зæрдæйы сау маст?!

Кæсут-ма, æрра сырдты 'рдонг
Æрбабырста абон нæ бæстæм.
Æгъгъæд сын нæ уыдис нывонг
Æмæ та сæ бафæндыд ног
Ысфæлварын тохы нæ гæрзтæ.

Знаг йе сæфт æдзухдæр уыдта
Нæ сæрибар адæмты цардæй,
Æмæ нæм кæд худгæ дзырдта,
Уæддæр æй мах тынг хорз зыдтам,
Кæй ныл цæудзæн иу бон мæнгардæй.

Нæ фыдæлтæм иу ныхас уыд,
Цæргæйæ сæдæ азты баззад,
Ыстыр раст ныхас у, бæлвырд:
Мæлдзыгæн, дам, йæ сæфт æрцыд.
Æмæ, дам, ыл базыртæ разад.

Цы кæны, кæд афтæ у – хорз.
Кæд сæрра сты абон лæгмартæ,
Уæд сын мах ыссардзыстæм хос –
Ызды æмæ сау топпыхос,
Куыд никуыуал ысдзæбæх уой, афтæ!

Æмбæлттæ! Æрцыдис рæстæг! –
Йæ фæстаг бон тугдзых лæгмарæн.
Нæ къухмæ, цæй, райсæм гæрзтæ.
Куыд уарзæм нæ фыдыбæстæ,
Уый равдисæм абон ызнагæн!

Æмбæлттæ! Мæ дзырд у рæстмæ:
Фыдгулæн йæ бæрзæй сæтдзæнис.
Йæ сау рыг ыскæлдзæн хæрдмæ.
Рæстдзинад у мах фарс, æмæ
Уæлахиз дæр мах фарс уыдзæнис!

Мухарбег æ аци æмдзæвги кой ба, æвæдзи, уомæ гæсгæ нæ искодта, æма æ гъудитæ бустæги æндæр цæбæлдæр адтæнцæ. Очерки куд финст æй, уотемæй е 'мбæлтти хæццæ уæди фембæлди рæстæг уотæ загъта:

Æндæр сагъæс мин тухсун кæнуй аци бæнтти мæ зæрдæ... Тæккæ аци бон бархеуонæй цæун Сурх Æфсадмæ. Айдагъ гъеройфиййæй, дзубандитæй нин нуртæккæ тохгæнæн нæййес. Цæуæн нæ адæми, нæхе амонд багъæуай кæнунмæ!..

– Цæуæн!..

– Райсæн тохæнгæрзтæ æма æгъатирæй ниццæгъдæн фашистон лæгмарти!..

– Райсæн!..

– Ард бахуæрæн, ирон лæги ном ке нæ фегадæ кæндзинан, нæ адæми бæрзæйтæмæ ке нæ 'руадздзинан цагъари къæлæт, уой туххæй!..

– Бахуæрæн!..

### КАРЗ ТОХМÆ НИФСГУНÆЙ ЦУДÆНЦÆ НÆ САХЪ ФÆСЕВÆД...

Аци хабæртти кой уомæ гæсгæ ракодтан, æма æригон поэттæ, еугур фæсевæди хæццæ, еци сæрбагъуди бæнтти рараст æнцæ тугъдон зин нæдтæбæл, сæ Иристон, сæ Райгурæн бæстæ немуцаг-фашистон æрбалæборгутæй фæййервæзун кæнунмæ, тугъд син кæмæн ци ирисхъæ исаккаг кæндзæнæй, уобæл æгириддæр нæ сагъæс кæнгæй.

Федарæй æууæндтæнцæ, цифуддæр знаг цубур рæстæгмæ дæрæнгонд ке 'рцæудзæнæй æма си алкедæр уæлахезонæй æ фидиуæзæгбæл ке исæмбæлдзæнæй, уобæл… Фал… Цæмæй æй зудтонцæ еци тугъд уойиасæбæл радаргъ уодзæнæй, æ туфули бахаудзæнæй сæ райгурæн Иристони кæцидæр хай дæр, уæдта си беретæ сæ хæдзæрттæбæл нæбал исæмбæлдзæнæнцæ. Фидибæстæбæл æновуд уогæй, уой сæребайради сæрбæлтау нæ бавгъау кодтонцæ се 'ригон цард дæр…

Уомæ гæсгæ фæлтæрæй-фæлтæрмæ дзурдæуй: «Макæд сæ феронх кæнæ, Иристон!..» Куд не 'мзæнхон æдзард тугъдонти, уотæ Цæгат Иристони зæнхæбæл немуцаг-фашистон æрдонгти нихмæ æхсаргинæй ка тох кодта æма сæ ардигæй куй сорæгау ка фæссурдта, еци бæгъатæрти, нæ Советон Цæдеси еугур адæмихæттити хъазауатон минæвæртти дæр. Уонæй кедæрти кой кæнунцæ сæ очеркти Дзаттиати Тотурбег æма Губати Чермен дæр.

*мæн дæр æма иннæ адæмтæн дæр ци æверхъаудзийнæдтæ исаразтонцæ, уой нæма балæдæрдтæнцæ, æндæра сæ ци гъуддаг ес, зæгъæн, абони Украини? Цæмæн си уодæгас кæнунцæ, рæстзæрдæ адæмтæн æлгъистаг нацизм... Феронх си æй, адæмтæн фудбæлахтæ аразгутæ сæ фудвæндитæй сæхуæдтæ ке бастъæлунцæ, уой æвдесæг историон хабæрттæ?..*

## ÆХЕМÆ ДУВÆР ИХÆСТÆ КА ЕСУЙ, НАМУСГИН ДÆР Е ÆЙ!..

«...Мæ гъостæ къуру кæнунцæ дзармадзанти гæбар-губурæй. Сентябри мæйдар æхсæви æз уинун сурх цæхæртæ. Е нæ денгизонти æма сорзæнхонти дзармадзантæ дæрæн кæнунцæ немуцаг лæборгути Ленинградмæ бацæуæнти. Фал мæмæ аци нæруни сæрти игъусуй идард Кавкази хуæнхрæбунтæй дæр дзармадзанти богъ-богъ, цæхæри астæуæй мæмæ зиннуй, нæ цæугæдæнттæ Малкæ, Баксан æма Терки билгæрæнтти станицитæ æма гъæутæ куд содзунцæ, е... Немуцаг лæборуй Ладогæмæ æма Волгæмæ, Терки æма Сау денгизи билгæрæнттæмæ. Æ хурфи фицуй ленинградаг косæги, кубайнаг хъазахъаги æма хуæнхаг ирон лæги зæрдæ...»

Уотæ номдзуд советон финсæг Николай Тихонов 1942 анзи финста æ тугъдон уацтæй еуеми. Æма æ дзубандитæ уæдæй абони уæнгæ дæр лæуунцæ Кавкази дзиллити еугур фæлтæрти зæрдитæбæл.

Арæхъи рæгътæ, Мæздæги фæтæнтæ... Фæззигон хуарæнтæ: мæнæуи карст хумтæ, нартихуари борхузæ будуртæ, деденæгкалгæ клевер, фæззегæндти сау тæлмитæ... Терки зулунтæ над... Æ билгæрæнтти – гъæутæ... Хъуæцæ... Ругæ... Дзармадзанти гæбар-губур... Танкити гур-гур...

…Терки уолæнтæ донгæронмæ рагæлстонцæ мард адæймаги. Æ сæр цæфтæ. Æ бæгъæнбад къæхтæ – мæрдон цъæх радардтонцæ. Æ фунукхуз френчи ребæл ауигъд «Æфсæйнаг дзиуарæ»... Советон сурхфлотон æй сæфцæласт искодта уæлбилæмæ, æрæвардта ’й ауун рауæни. Æ дзиппæй ин исиста къариститæ. Кæсуй сæмæ. Еци къартæй гермайнаг æрбалæборæг, æхе æ фурæнвæрсонæй «уæлахездзау» æнгъæлгæй, æвæдзи, гъавта æ цардвæндаги анзфинсти «къахдзæфтæ» исæносон кæнун. Алкæбæл дæр си фæстегæй цубур финст: Париж... Варшавæ... Киев... Пятигорск... Æ еци номхигъд, ка ’й зонуй, идарддæр дæр банхæст кæнуйнаг адтæй, ци нæуæг рауæнтæ байахæссуйнаг адтæй, уони нæмттæй, фал ин æ тогмондаг фæндитæн советон нæмуг кæрон искодта Иристони зæнхæбæл, Терки сæрти æрбахезун æй нæбал бауагъта, нæбал ин фæцæй фадуат Орджоникидзей кенæ Грознай æ къарæ исесунæн, æ къохи нæбал бафтудæй уæхæн къартæбæл «Владикавказ», кенæ «Грозна» ниффинсун. Æвæдзи, аци сахартæй гъавта æ хæзголи финстæгæн дæр сæрустур дзуапп раттун. Еци силгоймаг, циуавæрдæр Эльзæ, ба имæ финста: «Мæ хæларзæрдæ Эдуард, æвæдзи, мæн берæ нæбал уарзис, феронх мæ кодтай. Рихтер æ уосæн æрбарвиста кавказаг цилле сæрбæттæн æма мæнæн дæр рарветæ! Уруссæгтæмæ алцидæр берæ ес!..»

Байзадæй Эльзæ æнæ цилле кавказаг сæрбæттæнæй, Эдуардæн æ зинг ниххустæй Терки уолæнти. Æма ’й уотæ гъудæй. Советон сурхфлотон ба еугай-дугайæй кæсуй къартæмæ. Мæнæ си еуеми Эдуард сæттуй силгоймаги сæр. Къари фæсте финст: «Ростов-Дон, зæрдæбæл дарунæн. Эдуард маруй уруссаги. 1942 анз. Август». Гитлерон – финги уæлгъос, авгæбæл – францугаг, консервтæбæл – норвегиаг, тамакутæбæл – чехословакаг финститæ... Идарддæр. Дууæ расуг фашисти исæздухтонцæ сæ уацайраги, æригон советон æфсæддони къохтæ æма ибæл хуæцунцæ, æртиккаг ин тохæнгарз ниддардта æ зæрдæмæ. Ци æй е ба, цума? Дуккаг къари – зæрдæй тæдзгæ тогмæ æ агувзæ даруй Роберт. Æртиккаг къари е ниуазуй еци агувзæмæ рауагъд тог. «Нæ рагон фидтæлтæй нин байзадæй фæткæ: саст знаги тог адгин æй æма сæри дæр цæуй!..»

Сурхфлотони маст рафунхтæй. Къариститæ низзуввутт газет «Правда» 1942 анзи 2 сентябри æ раздзурд «Цæгат Кавказ»-и нæ адæми, дуйней еугур адæмти цæстингас дæр æздæхт æрцудæй Цæгат Кавказмæ...»

Аци газети мухургонд иннæ раздзурди ба загъд адтæй: «Æрæхгæнæн знаги над!.. Еунæг къахдзæф дæр фæстæмæ нæбал!.. Нæ бон æй, нæ ихæс æй знаги бауорамун! Нæ бон æй, нæ ихæс æй знаги фæстæмæ Нигулæнмæ фæттæрун!..»

Елхоттæй Хъаспийи денгизи билгæрæнтти уæнгæ будуртæбæл æма рæгътæбæл цъæзæ бадт æркодтонцæ сау ругæ æма топпихуаси бæзгин мегъæ, пеллон арт сугъдæй зæнхæбæл, æхсæвæй-бонæй не ’нцадæнцæ дзармадзантæ сæ богъ-богъæй, бомбитæ будурти зæнхæ уæлгоммæ хаттонцæ.

### ДЗÆУÆГИГЪÆУИ ЛЕНИНИ ФÆЗÆ ТУГЪДИ РÆСТÆГИ



визи – Парижæй æй нæуæг райарæзтæй æрбахъæртун кодтонцæ ардæмæ. Æ фарсмæ лæудтæй, Парижæй ке ’рбакодтонцæ, уæхæн æндæр дивизи дæр. Фиццаг нимпурсти фæммард æй командир – инæлар Макк, байййивта æй æндæр «парижаг» инæлар Бауненбург.

Фашисттæй цæйбæрцæбæл фулдæр дæрæнгонд цудæй нæ хуæнхти æма будурти, уоййасæбæл гъиггагæй-гъиггагдæр кодтонцæ, Гитлер нæуæг хъауритæ калдта æма калдта Сталинградмæ, Кавкази хуæнхрæбун, Терки билгæрæнттæмæ. Мæскуй рæбун пурхæгонд æма фæстæмæ ратарди фæсте, немуцаг æрдонгтæ сæ них исаразтонцæ Советон Хонсармæ: уоми хуар, нефть, цагъари ке райсонцæ, уæхæн адæм æма берæ аллихузон хæзнатæй гъæуама сæхе бафсастайуонцæ, сæ гъудимæ гæсгæ Сурх Æфсад син уæд æнцондæр басæттæн адтайдæ.

### Æ ТУХИ ЗÆРДТÆЙ СÆНТТÆ ЦÆГЪДÆГИ КÆРОН ЕУ ÆЙ – АДЗАЛ...

Елхотти цæргутæ, Терки рæгътæ, Хъаспийи рази будуртæ гъæуай кодтонцæ советон æфсади хуæздæр гæрзефтонг тухтæ: фестæг æфсади гвардионтæ, танкисттæ, тæхгутæ, артиллеристтæ, фестæг денгизонти бригæдтæ, бæхгин хъазахъæгти дивизитæ, партизантæ. Фæскавкази фронтæй арæзт æрцудæй дууæ къуари – Цæгатаг æма Саудензиаг.

Фал уавæр бонæй-бонмæ тæссагдæр кодта. Гитлер бардзурд равардта: «Æз Кавкази нефть тагъд рæстæгмæ гъæуама байсон!..» Æма ин æ еци æвзедæнтæ ба æ дæлбарæ маршæлтæ æма инæлартæ уотæ лæдæрдтæнцæ: Кавкази нефть æма Сталинград байсун ку нæ бантæса, уæд фюрер «фудгинти» бунати ке банимайа, уони фидгуйнагæн никкæрддзæнæй...»

Фон Клейст, фон Маккензен æма Роуфф кавказаг бензинæй фиццаг цистернæ ку барветонцæ Гитлерæн, уæд... Берæ ибæл ци дзорæн, уæд син фюрер сæ хъуртæбæл ниссадздзæнæй маршæли нисантæ. Æма уомæ гæсгæ ба етæ дæр нæ аурстонцæ сæ танкитæ æма се ’фсæддонтæбæл.

Кавказ цæйбæрцæбæл тæссаг уавæри адтæй 1942 анзи фæззæги, уой туххæй нæ бæсти разамунди хестæр Михаил Калинин сæрмагондæй ци уац бацæттæ кодта, уоми уотæ финста:

«...Содзуй Кавказ цæхæр арти. Æ адæмтæ ’нцæ мæлæтдзаг, тæссаг уавæри... Цæуй æгъатир тох Кавказбæл... Немуц сæхецæн цагъайраг искæнунмæ гъавунцæ Кавкази адæмти, æма уобæлти Индимæ над байгæрдунмæ. Махмæ ес еугур фадуæттæ дæр знагæн мæлæтдзаг цæф никкæнунæн. Цæгат Кавказ искæнæн немуцаг лæборгутæн сæ цирт!..»

Æма фулдæрæй-фулдæр кодтонцæ немуцаг афицертæ æма æфсæддонти циртитæ Мæздæги, Елхотти, нæ гъæдти, рæгътæбæл æма итигъд будурти…

*(Уодзæнæй ма)*

ласта Терки уолæнтæмæ, уæдта Эдуарди, куййи марди хузæн, басхуста фæстæмæ цæугæдонмæ:

– Гъæй кæнæ идарддæр, Терки уолæнтæ дæ Хъаспийи денгизмæ бахъæртун кæндзæнæнцæ. Уоми ба дæ денгизи уолæнтæ багæлдздзæнæнцæ Бакумæ... Уордæмæ бахъæртун дæ хъæбæр ку фæндадтæй! Къахæй цæун дæ нæбал багъæудзæнæй!..

### КАВКАЗИ ЗÆНХÆБÆЛ ФЕГУППÆГ УОДЗÆНÆНЦÆ ЗНАГИ ФУДВÆНДИТÆ!..

Эдуард æма Роберт, уæдта уонæй фуддæр тогцъир фашисттæ æмпурстонцæ Кавкази хуæнхтæмæ. Гитлери сæйрагдæр фæндæ адтæй, Мæскуй фалдзости советон æфсæдтæ ниддæрæн кæнун, уой фæсте ба Грозна æма Бакумæ байервæзун, уордигон нефти гæнæнтæ хе бакæнун. Арвикомбæл Фæскавказмæ бахезун, уордигæй ба идарддæр – Иран, Ирак, Турк, Инди æма иннæ бæститæ байсун...

Æррадзæф фюрери еци фæндитæ зундгонд куд нæ адтайуонцæ зундгонд Советон Цæдеси разамундæн, æма еугур мадзæлттæ дæр арæзт цудæнцæ, цæмæй ин уони исæнхæст кæнун ма бантæса. Æма Сурх Æфсад Цæгат Кавкази карз нихкъуæрд лæвардта знаги тухамæлттæн. Терки билгæрæнттæ Елхоттæй сауæнгæ Хъаспийи денгизмæ сугъдæнцæ тугъди цæхæри. «Нуртæккæ, – финста

Кавкази цæрæг адæмихæттити минæвæрттæ 1942 анзи августи Дзæуæгигъæуи ци антифашистон митинги æрæмбурд æнцæ, уоми радзубандигæнгутæ кæд аллихузон æвзæгтæбæл дзурдтонцæ, уæддæр сæ гъудити медес ба еу адтæй: цъамар æзнаги ниддæрæн кæнун, æ фудвæндитæн ин Кавкази зæнхæбæл искæрон кæнун.

Хестæр сержант, Советон Цæдеси Бæгъатæр Милдзихти Хадзимурзæ е ’мбал тугъдонти номæй ард бахуардта дзиллити рази:

– Нæ хуæртæ æма не ’нсувæртæ, нæ мадтæлтæ, нæ фидтæлтæ! Дзурд уин дæттун: Сурх Æфсад æруорамдзæнæй æма ниддæрæн кæндзæнæй знаги!..

Еци æнæмæнгæ исæнхæсткæнуйнаг гъуддаг ба уотæ æнцонтæй нæ бафтудайдæ къохти. Уомæн æма знаг нецæбæл æма некæбæл аурста æ тогмондаг бæлдитæ исæнхæст кæнуни туххæй. Немуцаг балхон фон Клейсти фиццаг танкон æфсад, берæ аллихузон фестæг æма моторизацигонд дивизити хæццæ æ бицъинæг тудта Терки билтæмæ, бæлдтæй Грознамæ, Орджоникидземæ, нæ хуæнхтæ æма нæ кæмттæмæ.

Мæздæги фалдзости нæ дууæ бронепоезди фашистон дууинсæй танкемæй ниппурхæ кодтонцæ æстдæс æма знаги нæбал бауагътонцæ Терки донуордæг бахезун.

Уоми тугъдтити æртиккаг немуцаг танкон дивизи æ «уод исиста», нецибал си райзадæй. Райййивта æй инæлар Герри ди-

## «ÆНÆМÆЛГÆ ПОЛК»



**БЕСОЛТИ Хъазбеги фурт Мæхæмæт (1915-1945)**



**БЕСОЛТИ Инуси фурт Петр (1905-1942)**



**БЕСОЛТИ Хъамболати фурт Андрей (1917-2003)**



**БЕРИТИ Гæлæуи фурт Израиль (1907-1995)**

***ДЖИОТИ Хазби, филологон наукити доктор: «Композитор Галати Бариси кадæриддæр зудта, уони деси æфтудта æ зæрди рахаст – æ сагъæс, æ дзоруйнаг кæддæриддæр адтæй ирон адæми музыкалон аййевади исонибон, ирæзгæ фæлтæри зæрдити еци аййевади зингæй цирен арт исодзун æма сæ гургъахъ нæдтæбæл рахонун».***

# БÆГЪАТÆР ТУГЪДОН, ИСКУРДИАДÆГИН МУЗЫКАНТ



ГАЛАТИ Барис

Номдзуд композитор, нæ национ профессионалон музыки бундорæвæрæг, дирижер, педагог, Гурдзий ССР-и аййевæдти æскъуæлхт архайæг, Цæгат Иристони Хетæгкати Къостай номбæл Паддзахадон премий лауреат Галати Александри фурт Бариси туххæй сæрмагондæй æрмæг абони мухур кæнæн, уомæ гæсгæ дæр æма 10 мартъий æ райгурдбæл исæнхæст æй финддæс æма æхсæзинсæй анзи. Нæ адæмæн, нæ национ аййевадæн е берæ алæмæти хуæрзти бацудæй. Аргъ искæнæн дæр кæмæн нæййес, уæхæн бундайрадæ нин ниууагъта: дæс æма æртинсæй адæмон зари æма цагъдемæй фулдæр, спектаклътæ æма кинонивтæмæ музыкæ, симфонион балладитæ æма поэмитæ, романстæ æма адæмон зартæ.

Галати Барис райгурдæй 1889 анзи 10 мартъий Мæздæги райони Черноярски станици ахургæнæги хæдзари. Галати муггаг адтæй нимаддæртæй еу терскаг-хъазахъаг ирæнтти ’хсæн сæ ездондзийнадæй, паддзахи службæбæл еузæрдиуондзийнадæй æма фæллойнæуарзондзийнадæй. Æ фидæ Аслæнгерий берæ уарзта ирон музыкæ, хуарз арæхстæй адæмон цæгъдтитæ цæгъдунмæ, уæдта сæ зонгæ дæр хуарз кодта. Æ еци уарзондзийнадæй хайгин кодта æ дууæ фурти Костя æма Бариси дæр. Хуæрзæрдæмæ фæззиндтæй æригон биццеубæл æ фиди мадæ Гуæсæнагъуæ дæр. Е дæр хуарз зудта адæмон зартæ æма таурæхътæ. Барисбæл æхсæз анзи ку исæнхæст æй, уæд æ фидæ рамардæй æма ’й æхемæ гъомбæл кæнунмæ райста æ фиди æнсувæр Бекир, кæци службæ кодта, паддзахи ци хъазахъаг æфсад гъæуай кодта, уоми афицерæй Петербурги.

Петербурги Барис каст фæцæй реалон училище æма райста райдайæн музыкалон ахурадæ. Реалон училищей син музыкæбæл ахургæнæг адтæй искурдиадæгин музыкант Ю.А. Брандт, Римский – Корсакови æрдхуард. Фиццагидæр е бафеппайдта, æригон биццеумæ музыкалон искурдиадæ ке ес, уой æма ’й бакодта училищей духовон æма симфонион оркестрмæ, архайун æй кодта музыкалон спектаклъти. Еу хатт Ю. Брандт Бариси базонгæ кодта цитгин уруссаг композитор Римский-Корсакови хæццæ æма ин æ цагъдмæ ку байгъуста, уæд си хъæбæр аразийæй байзадæй, уæдта ма æ дзурдтæбæл бафтудта, аци биццеуæн бæллеццаг федæн ес, зæгъгæ.

1909 анзи Барис æнтæстгинæй каст фæцæй реалон училище æма æ зæрди адтæй æ ахур идарддæр рахъæртун кæнун консерваторий, фал æ фиди æнсувæр Бекир, куд кадрон афицер, уотæ федарæй исфæндæ кодта, гъома, музыкæ ’й хеерхæфсæн фæрæзнæ, зæгъгæ, æцæг ирон-хъазахъаг лæгæн ба федауй афицери цин хæссун æма ’й рарвиста Тифлиси Михайловски æфсæддон училищемæ. Училищей Барис ахур кодта хъæбæр хуарз, фал ами дæр æ музыкалон архайд нæ уагъта, архайдта училищей оркестри кусти, аразта музыкалон изæртæ, активонæй архайдта музыкалон къуари. 1913 анзи каст фæцæй училище I разряди хæццæ, райста хорунжийи цин æма æрвист æрцудæй кæстæр афицерæй Терскаг–хъазахъаг æфсади 1-аг Хуæнхаг-Мæздæггаг полкмæ.

1914 анзи райдæдта Фиццаг дуйнеуон тугъд, хорунжий Галай-фурт активонæй архайдта Турккаг фронти. Тугъди рæстæги æхе равдиста æхсаргин æма бæгъатæрæй, рабæрæг кодта е ’фсæддон искурдиадæ.

Берæ хæттити архайдта знаги фæскъуилдунмæ тугъдон операцити. 1914 анзи 25 октябри сгарæн куст кæнгæй фæцæй уæззау цæф, бæхæй æрхаудтæй, æрцавта æ уæрагисæр æма æ реу, фал уæддæр æнхæст кодта æ тугъдон ихæс.

Тугъди рæстæги ма никкидæр цалдæр хатти фæццæф æй, уæдта æрцудæй контузигонд дæр. 1916 анзи ин лæвæрд æрцудæй сотникки цин æма нисангонд æрцудæй сотня ке хониуонцæ, уæхæн æфсæддон хаййи командирæй. 1914-1917 æнзти Галай-фуртæн лæвæрд æрцудæй бæрзонд паддзахадон хуæрзеугутæ: Сугъдæг Анни IV къæпхæни орден, кæцибæл финст адтæй «Бæгъатæрдзийнади туххæй», Сугъдæг Анни III къæпхæни орден æхсаргард æма бантти хæццæ, Сугъдæг Станислави III къæпхæни орден æхсаргард æма бантти хæццæ, Сугъдæг Станислави II къæпхæни орден æхсаргард æма бантти хæццæ.

Цæфтæ, уæдта е ’нæнездзийнадæ лæмæгъ ке адтæнцæ, уомæ гæсгæ Граждайнаг тугъди нæ архайдта, цардæй æ зонгитæмæ Владикавкази. 1921 анзи имæ фæдздзурдтонцæ Сурх Æфсадмæ æма дууæ анзи службæ кодта Цæгат Кавкази æфсæддон округи. 1924 анзи исæнхæст æй æ царди устурдæр бæллец – бацудæй ахур кæнунмæ Бакуй консерваторимæ æма си исахур кодта дууæ анзи, уæдта бацудæй Ленинградi централон... 

лойнæуарзондзийнадæ. Исаразта æма разамунд дæттун райдæдта педагогон техникуми цори духовон оркестрæн, байгон кодта музыкалон скъола æма си куста директорæй, æхуæдæг финсун райдæдта музыкæ оркестрæн, идарддæр æмбурд кодта адæмон зартæ æма фольклор. Галай-фурт финста музыкæ Къостай номбæл театри спектаклътæн, финста симфонитæ, романстæ Къостай дзурдтæбæл, ахур кодта музыкæбæл скъоладзаути æма техникуми ахурдзаути.

Галай-фурт 1938 анзи исаразта Хонсар-Иристони паддзахадон ансамбль «Симд». Еци коллективи кой райгъустæй еугур Цæгат Кавказбæл нæ, фал еугур Советон Цæдесбæл дæр. Еци коллективæн Барис разамунд фæллæвардта 14 анзи æма си рауайун кодта æцæг аййевади университет. 1940 анзи ин лæвæрд æрцудæй Гурдзистони аййевæдти æскъуæлхт архайæги ном.

Устур Фидибæстон тугъди рæстæг Галай-фурт еци-еу рæстæг разамунд лæвардта ансамблæн, æма ма куста Хонсар-Иристони облæнхæсткоми аййевæдти хайади сæргълæууæгæй дæр. Еци зин рæстæгути дæр æ хъауритæбæл нæ ауæрдгæй архайдта национ аййевадæ бæрзонддæр кæнунбæл.

Галати Барис 1951 анзи косун райдæдта Цхинвали наукон-æртасæн институти хестæр наукон косæгæй, адтæй аййевæдти хайади сæргълæууæг. Ами дæр идарддæр кодта æ музыкалон, рохситауæн куст. Ниффинста музыкæ аййевадон кинонивæ «Фатимæ»-мæ, 1964 анзи бацæттæ кодта «Ирон адæмон зарти» æмбурдгонд, кæцимæн устур аргъ искодтонцæ советон æма европаг ахургæндтæ, уæдта АЕШ-и специалисттæ. Гъулæггагæн, æ еугур финститæ хаст не ’рцудæнцæ еци æмбурдгондмæ, берæ æрмæг ма абони дæр лæууй архивти.

Галати Барис адтæй фæлтæрдгун ахургæнæг. Бацæттæ кодта Мæскуй, Ленинградi, Тбилисий консерваторимæ искурдиадæгин фæсевæд, кæцитæ уой фæсте идарддæр рахастонцæ сæ ахургæнæги традицитæ. Уони ’хсæн æнцæ зундгонд композитортæ Плити Х., Гæбæрати И., Хаханти Д., Хæбæлати З., Гаглойти З. (фæммард æй тугъди) æма æндæртæ.

Райгурæн бæстæ аккаг аргъ искодта Галай-фуртæн æма ин исаккаг кодта орден «Кади нисан», хуарзæнхæгонд æрцудæй фондз майданемæй, Кади гæгъæдитæй.

Æртинæймаг æнзти, куд иннетæ, уотæ Галай-фурт дæр баййафта æфхуæрдтитæ НКВД-и ’рдигæй. Сауæнгæ ма ин æ райгурæн гъæу Черноярскиймæ исæуни барæ дæр нæ адтæй, уæдта Цæгат Иристонмæ дæр æстæн хатт цудæй. Еци рæстæг уæлдай хъæбæрдæр балимæн æй Туйгъанти Махарбег æма хореограф Берæгъти Заурбеги хæццæ. Се ’ртæ дæр цудæнцæ æфхуæрд æма еумæ гъæддухæй гъæуай кодтонцæ сæ бартæ. Галай-фуртæн æ цæстæмæ дардтонцæ, æ хестæр æнсувæр Костя эмигрант ке адтæй, уой. Костя цардæй Парижи æма адтæй дæсни музыкантбæл нимад.

Кæд 60-70 æнзти кардзуд адтæй, уæддæр архайдта ирон национ музыкæ размæ кæнунбæл. Хуæрззæрдæ, хуæдæфсармæ, æхемæ дæр æма æ кæстæртæмæ дæр æмхузон домæнтæ æвардта. Барис рамардæй 1967 анзи, æвæрд æрцудæй Цхинвали.

«Ирон музыкæ хъазар кæмæн æй, етæ Галати Бариси ном гъæуама финсонцæ сугъзæрийнæ дамугъатæй», – финста Уæрæсей æма Цæгат Иристони адæмон артист П.А. Ядых.

Махмæ гæсгæ, еци дзурдтæбæл æнгъезуй исарази ун.

***ДЗОПОЙТИ Юрий***

**Æнæгъæнæ дуйнебæл игъустгонд ахургонд-филолог Шегрен Андрей Михали фурти (Андреас Иохан Шегрени) райгурдбæл 25 апърели æнхæст кæнуй 230 анзи (1794-1855). Æ наукон исфæлдистадæ агъазиауæй баст æй Иристони, нæ маддæлон æвзаги ирисхъи хæццæ.**

# Æ РÆСТУОДÆЙ ФÆЛЛОЙНÆ ДÆР ЗАРИ АККАГ ÆЙ...



Виктор ДОЛИДЗЕ

***Иристони дзиллæ хъæбæр арфиаг æнцæ номдзуд гурдзиаг композитор ДОЛИДЗЕ Виктор Исидори фуртæй – е агъазиау исфæлдистадон æвæрæн бахаста Иристони музыкалон культури райрæзти гъуддагмæ. Æрæги, 18 июли В.Долидзей райгурдбæл исæнхæст æй дæс æма æхсæзинсæй анзи (1890-1933). Уой фæдбæл мухур кæнæн аци æрмæг дæр.***

1926 анзи 22 августи Владикавкази театри адтæй симфонион музыки концерт. Уой фæдбæл бунæттон газеттæй еуей уацхæссæг финста: «Гъазтизæри ахсгиагдæр адтæнцæ дæс ирон зари. Адæм устур цæмæдесæй игъустонцæ уоми алли зармæ дæр. Е уомæн утæ адтæй, æма зарти алкæмидæр бæлвурд-бæрæг дардта æ адæмон бундор. Музыки тухгин уолæнтæ сæ уацари райстонцæ, концертмæ ка ’рбацудæй, уони еугурейдæр».

Цума ка адтæй, уæхæн рæнгъитæ ке туххæй финст æрцудæнцæ, еци музыкант? Ке фæрци ниййазæлдæй ирон адæмон зар профессионалон сценæбæл?

Уой туххæй арфиаг ан искурдиадæгин гурдзиаг композитор Долидзе Исидори фурт Викторæй, ирон фольклори гъæздуг æвæрæнтæмæ е æ гъос еугуремæй фиццагидæр ке æрдардта, уомæй. Оркестрæй цæгъдунмæ ирон адæмон зартæ æма кæфтитæ е райаразта æма абони уæнгæ дæр æнцæ зæрдагайгæ аййевадон хæзнатæ.

Композитори уадзимистæ национ симфонион музыки æрахæстонцæ аккаг бунат. Иссæнцæ классикон, кæд аци гъуддаги фиццаг къахдзæфтæ адтæнцæ, уæддæр. Долидзе Иристонмæ ’рбацудæй 1925 анзи. Æрбахудта ’й адæмон ахуради хайадæ, музыкалон æма поэтикон фольклор æмбурд кæнун ку райдæдта, уæд. 35-анздзуд композитор бæсти алли кæрæнтти игъустгонд адтæй æ берæ романстæй. Е ’сфæлдистади сæйрагдæр адтæнцæ поэмæ «Ивериадæ» æма æртæ опери: комеди «Котэ æма Кето», историон цаутæбæл финст «Лейла» æма революцион сюжетбæл нивæнст «Цисала».

Æригон композитори къохи уæхæн æнтæститæ бафтудæй, искурдиадæгин æма кустуарзагæ ке адтæй, æ зонундзийнæдтæ фулдæр кæнунбæл еудадзугдæр ке куста, уой фæрци. Уой хæццæ ма Долидзе цæгъдун дæр зудта гъесинфæндурæй, мандолинæй, гитарæй.

Дууæ анзей бæрцæ фæцæй Иристони, фал ин æнтæсгæ ба берæ бакодта: еугуремæй ахсгиагдæр ба е æй, æма ирон адæмон музыкалон фольклорæн искодта развæд: æрæмбурд кодта 200 мелодимæ хæстæг адæмон зартæ æма кафти цæгъдтитæ, Нарти кадæнгити мелодитæ.

Цæгат Иристони бæстæзонæн институти ци сæрмагонд къамис æвзурст æрцудæй, е хъæбæр аразийæй байзадæй Долидзей кустæй. Профессионалон æгъдауæй еугур мелодитæн дæр аргъгонд æрцудæй, куд æнæлазæ, зæрдæмæгъаргæ уадзимистæ, утæ.

Зæгъун гъæуй уой, æма уойбæрцæ уадзимистæн Долидзе равзурста сæ аййевдæрти, арæхстгинæй сæбæл бакуста, архайдта, цæмæй сæ адæмон бундор гъигæдард ма баййафа, сæ хъаппæ, сæ музыкалон азæлд, адæммæ куд æй, утемæй байзайа.

Уой уæлæнхасæн ма хъæбæр дæсни адтæй мелодитæ финсунмæ дæр. Мæнæ куд зæгъуй уой туххæй е ’мдогонтæй еу: «Виктор зилдæй гъæутæбæл бæхбæл бадгæй, æ фарсбæл-еу гъесинфæндур бабаста æма-еу утемæй гъæуи астæути раст æй. Æ хумæтæгдзийнадæ разæнгард кодта адæми, æма ин етæ дæр æхсицгонæй зардтонцæ, кафтонцæ, фæндурæй цагътонцæ. Виктор-еу мелодитæ финст ку фæцæй, уæдта-еу æ гъесинфæндур райста æма ке фегъуста, уони фæлхат кодта. Утæ арæхстгин æма дæсни си цагъта, æма адæм деси бацудæнцæ. Еци гъуддаг хъæбæр цудæй сæ зæрдæмæ æма ин устур аргъ кодтонцæ».

Композитор еци рæстæги туххæй финста æ уацтæ «Цæгъдтитæ æма зарти уацари» æма «Ирон адæмон музыкæ». Мухургонд æрцудæнцæ газеттæ «Власть труда» æма «Заря Востока»-йи. Аци уацти Долидзе ирон адæмон зартæ æма цæгъдтитæн кæнуй лæмбунæг жанрон классификаци, æртасуй син сæ изæлунади хецæндзийнæдтæ, æппæлуй син сæ алæмæти мелодикон гъæздугдзийнадæй.

Долидзе æхуæдæг адтæй, æ профессионалон аййевади ирон адæмон мелодимæ е ’ргом ка раздахта, фиццаг уæхæн композитор. Е бæрæг æй, оркестрæн æма фортепианойæн ци ирон адæмон зартæ æма цæгъдтитæ исаразта, уонæй: «Ирон марш», «Зилгæ», «Кæсгон цагъд», «Аслæнбеги зар», æма æндæртæ. Сæ хумæтæг, фал аййев æма зæрдесгæ зæлтæ адæймаги бафтаунцæ рæсугъд æнкъарæнтæбæл, фæххæссунцæ ’й бæрзонд хуæнхти гъæбесмæ, кенæ ба æгæрон дæлвæзтæмæ.

Хъæбæр зæрдиагæй цагътонцæ æма зардтонцæ аци пьеситæ айдагъ Дзæуæгигъæуи нæ, фал ма сауæнгæ Калаки дæр. 1926 анзи 20 январи Гурдзистони оперæ æма балети паддзахадон театри композиторæн адтæй фембæлд музыкæ уарзгути хæццæ. Аци изæри ка адтæй, етæ уæлдай цæмæдесдæрæй исæмбалдæнцæ Долидзей ирон пьеситæбæл. Алли уадзимиси фæсте дæр игъустæй дæргъвæтийнæ æрдзæф. Фæстæдæр æ имисуйнæгти Долидзе финста: «Мухури сæрмагондæй загътонцæ «Ларсаг» æма «Кæсгон цагъд»-и туххæй... Адæми зæрдæмæ хъæбæрдæр фæццудæнцæ ирон пьеситæ, уæлдайдæр ба – «Зилгæ».

Еумæ райсгæй еци симфонион уадзимистæ разиндтæнцæ æмбесонди цæрæццаг æма абони дæр æнцæ Цæгат Иристони паддзахадон филармоний репертуари. Æ фиццаг симфонион фæлтæрæнтæ ке фæррæстмæ ’нцæ, адæм сæ сæ зæрдæмæ хæстæг ке райстонцæ, уой ку балæдæрдтæй композитор, уæд æ еугур хъаурæ дæр исаразта ирон национ оперæ ниффинсунмæ.

Долидзе зудта, адæмон мелодитæ опери музыкалон æрмæгæн ке фæййагъаз уодзæнæнцæ, уой. Æ сюжет гъæуама арæзт уа историон цаути бундорбæл, либретто гъæуама финст уа иронау. Уой фæдбæл Цæгат Иристони облæнхæсткоммæ ци курдиадæ балæвардта, уоми финст ес: «Ирон оперæн ци зарти æрмæг гъæуй, е мæмæ ес – тæккæ минкъийдæр 215 зарей бæрцæ. Ес хъæбæр хуарз историон сюжет «Алгузиани» – æрæги ирон адæмон уадзимисти конкурси фиццаг бунат ка байахæста, еци драмæ».

Гъе, уони хинцгæй композитор дусфæлдæхтæй бавналдта Къубалти Александри либреттомæ гæсгæ 4-актон оперæ «Замирæ» исфæлундунмæ. Гъулæггагæн, байзадæй æрдæгфинстæй, æма уомæ гæсгæ аккаг бунат не ’рахæста ирон музыкалон сценикон аййевади.

Фиццагидæр оперæй фрагменттæ гъазтонцæ Тифлиси консерваторий студентти хъауритæй, уой фæсте ба Дзæуæгигъæуи кинотеатр «Гигант»-и сценæбæл гурдзиаг артисттæ базонгæ кодтонцæ ирон музыкæ уарзгути опери скъуддзæгти хæццæ.

Куд загътан, утемæй Долидзе æ опери пайда кæнуй адæмон зартæ æма цæгъдтитæй. Зæгъæн, дуккаг акти Замирæ æма Сæниати дуэти бундор æй ирон адæмон уадзимис – Николайи зари мелоди, кафти сюитæ – кæсгон цагъд æма зилгæ, æртиккаг акти интермеццо – Дзамболати зар æма утæ идарддæр.

Опери музыкалон æрмæгæй уæлдай ма ес сценикон æгъдауæй цæмæдесаг нивтæ дæр. Зæгъæн, сценæ Алхаси хæдзари – кафти сюитæ оркестрæй цæгъдунмæ, сæйраг архайгути фембæлди зæронд Бибир заруй балладæ Къостай «Балци зарæг»-и дзурдтæмæ гæсгæ. Оперæй ма ци хецæн хæйттæ нæ къохи бафтудæй, етæ æвдесунцæ композитори дæсни æрмдзæф сæйраг архайгути уодигъæдæ æма музыкалон сорæттæ аразгæй – фæтæг Алхаси, уæдта æ уосæ Замири фæлмæн æма ездон сорæттæ æма æндæртæ.

Оперæ «Замирæ» нæ национ музыки аккаг бунат æрахæссидæ, фагæ æргом имæ æздæхт ку ’рцæуидæ, уæд. Ирон оперæ уарзгутæн æхцæуæн уайдæ «Замирæ»-йи музыки хæццæ базонгæ ун, æнæцæмæдесаг нæй æ архайд дæр.

Виктор Долидзе Иристони музыкалон культури ирæзтæн ци æнхус бакодта, е дæр æнхæстæй æргомгонд нæма ’й. Утемæй ба е ’сфæлдистадæ устур агъаз фæцæй Иристони композитортæн. Етæ дæр æма ’й еугур ирон адæм дæр абони устур арфиагæй имисунцæ, уомæн æма нин берæ хуæрзти бацудæй.



Павел ЗАРОНИ конд хузæ «Хъæзбег æма Терк».

ССР Цæдеси æскъуæлхт æфсæддон тæхæг, инæлар-болкъон Цоколати Эльдари райурдбæл 21 апърели æнхæст кæнуй финддæс æма цуппаринсæй анзи (1929-2006). Æ фидæ – хъумухъаг Калсынбек Качалаев, 1937 анзи бастъалдæй, æ мадæ – Цоколати Ольгæ.

*Номдзуд ахургонд Альберт ЭЙНШТЕЙН (1879-1955), иуазæгуати адтæй Бельгий къарол Альбертмæ. Фæсрæфтад иуазгутæн равдистонцæ минкъий концерт. Архайдта си къароли уосæ дæр. Концерти фæсте имæ бацудæй Эйнштейн æма ин уотæ: «Дæ бæрзонддзийнадæ! Хъæбæр хуарз рагъазтай. Фал ма дæ къароли уоси професси ба цæмæн гъæуй?..» Нæ бонгинти уоститæ алли гъуддæгути ка цæвуй, уонæн зунди хуасæ бæргæ ку фæуйидæ аци загъд!..*

## ÆРКÆСÆ ÆМА ДÆ УОДИГЪÆДИ МЕНЕУГУТÆ ÆРГОМДÆРÆЙ БАЗОНÆ!..



# УСХЪÆЗ ГАЛ – СУЙНÆСАСТ!..

Гъе уотæ рауайунцæ æгæр тæлтæг ка фæуй, уони хедаруни фæстеугутæ. Æма дæумæ ба еци менеуæгæй ести хъæртуй. Уой базонунæн бавзарайтæ, мæнæ абони ке мухур кæнæн, еци фарстатæбæл æргом дзуæппитæ раттун – уотемæй хуæздæр базондзинайтæ, цæйбæрцæбæл цибæл айтæ, уæдта уæхе цæйбæрцæбæл ворамунгъон айтæ, уони.

**1. Цидæр буцæути архайунмæ тулаваст дæ?**

а) Мæхе си еуварс раласун – 3.

б) Хатгай, дзубанди цæбæл фæццæуй, еци фарста мæмæ цæмæдесаг ку фæккæсуй, уæд – 2.

в) Уарзун естæбæлти буцæу дзубанди кæнун – 1.

**2. Дæ зæрдиуагæ ахид фейиевис?**

а) Ахид фæууй уотæ – 1.

б) Æстæн хатт – 2.

в) Некæд – 3.

**3. Уæхæн уавæри ескæд бахаудтæ: цидæр фæндæ дæ сæри исæвзуруй æма иннæ гъуддæгутæ æстæфгæ дæр нæбал фæккæнис?**

а) Уæхæн уавæри уæнгæ некæдма исхъæрттæн – 3.

б) Фæууй – 1.

в) Некæдма, фал гæнæн ба ес – 2.

**4. Ескæд гъазтай «еукъохуг банди-ти» гъæзтитæй?**

а) Некæд, уæдта мæ зæрди дæр некæд адтæй – 3.

б) Æ цæмæдесдзийнадæмæ гæсгæ еу къуар хатти, фулдæр ба нæ – 2.

в) Берæ хæттити – 1.

**5. Ести цибæлдзийнадæ дæмæ ес?**

а) Æнæмæнгæ – 1.

б) Раздæр уидæ, нур ба мин рæстæг нæбал фæууй – 2.

в) Нæййес, уæдта некæддæр адтæй – 3.

**6. Дæ зæрдæ дæмæ ци фæдздзоруй,** уобæл дæхе ахид бафæдзæхсис?

а) Алкæддæр – 1.

б) Мæ зæрдæмæ игъосун, фал хатгай ба æндæр фæндæ равзарун – 2.

в) Зæрдæй зундбæл фулдæр æууæндун – 3.

**7. Компьютербæл ахид гъазис?**

а) Уотæ ахид имæ ме 'ргом нæ 'здахун – 2.

б) Мæ бон æй берæ сахæттæ монитори рази бадун – 1.

в) Æгириддæр сæмæ мæ гъос нæ дарун – 3.

**8. Лотерейтæ æма sms-гъæзтитæй фæгъгъазис?**

а) Ахид – 1.

б) Хатгай, мæ хуарз зæрди ку фæуун, уæд – 2.

в) Нæ мæ 'ндавунцæ – 3.

**9. Рæуки миутæ кæнунмæ тулаваст дæ?**

а) Гъо – 1.

б) Æстæн хатт фæууй – 2.

в) Некæддæр – 3.

**10. Казиной рагъазун дæ фæфæндуй?**

а) Гъазтон берæ хæттити – 1.

б) Уæлдай æхцатæ мæмæ ку уа, уæд цæмæннæ – 2.

в) Уæхæн фæндæ мæмæ некæд фæуйй – 3.

**11. Дæ фæстаг æхцатæбæл ескæд гъæзтай?**

а) Уæхæн уавæрмæ мæхе не 'руадздзæнæн – 3.

б) Уидæ уотæ дæр – 1.

в) Некæд, фал сæрмагонд уавæрти ба гæнæн ес – 3.

**12. Тæссаг ка уа, уæхæн гъуддаги бацæуни нифс дæмæ разиндзæнæй?**

а) Уæхæн æнæбæрæг уавæртæй мæхе еуварс дарун – 3.

б) Мæ гъуддаг ке фæррæстмæ уодзæнæй, уобæл кæрæй-кæронмæ ку æууæндон, уæд цæмæннæ – 2.

в) Нифсгун ка нæй, е шампайнаг нæ ниуазуй – 1.

**ÆРНИМАЕТÆ, УÆ ДЗУÆППИТÆМÆ ГÆСГÆ ЦИ БАЛЛТÆ ÆРÆМБУРД КОДТАЙТÆ УОНИ, ÆМА УОНИ БÆРЦÆМÆ ГÆСГÆ БА ХАТДЗÆГТÆ ИСКÆНЕТÆ**

**12-19 балли.** Дæ дзуæппитæмæ гæсгæ цибæл уоди хецау дæ. Хатгай дæ гъæуй дæхе бауорамун, уæлдайдæр ба цибæлгæнæг гъæзтити рæстæг. Дæ бæрцæ ку зонай, уæд фæсмойнаг хабæрти некæд бахаудзæнæ. Е хауй, гъазуни уацари æнцонтæй бахаунæй тæссаг кæмæн æй, уонæмæ. Уомæн æма уой фæсте уомæй фæйиервæзун хъæбæр зин фæууй.

**20-28 балли.** Дæхе уорамун дæ бон æй. Хилæ ракъахун, кенæ де 'хцатæ фæхъхуæрд унæй дин тæссаг нæй.

Ци афони гъæуй, еци рæстæг дæхе бауорамун æй дæ бон, дæ бон ма 'й гъазти фæстеугутæбæл расагъæс кæнун дæр.

**29-36 балли.** Бустæги цибæл зæрдæ нæ дæ, æвæдзи. Еуæрдигæй е хуарз æй, иннердигæй ба адæймагмæ ести гъуддагмæ цибæлдзийнадæ ку нæ уа, уæд æ цард æгъуз æма æнæцæмæдесаг исуй. Вольтер уотæ загъта: «Цибæлдзийнадæ думги хузæн æй. Наубæлæгъи пъарустæ ниддумуй æма 'й размæ тæруй, иннæ хатт ба 'й фæддæлдон кæнуй, æнæ уомæй æ бон нæй накæ кæнун». Уоди нифс цибæлдзийнади хæццæ баст нæй, фал си раст пайда кæнуни медæги æй.

## ХОТИТЕ ВЕРЬТЕ, ХОТИТЕ – НЕТ!..

### ЕСТЬ ЛИ ЖИЗНЬ НА МАРСЕ?

Опрос, верите ли вы в разумную жизнь на других планетах, провел Всероссийский центр общественного мнения. Число тех, кто считает существование внеземного разума реальным, за несколько лет выросло с 3% до 36%. Доля тех, кто думает, что это возможно, но маловероятно, тоже выросло с 31% до 39%. А доля не верящих в это снизилось с 27% до 20%. Мужчины верят во внеземной разум чаще, чем женщины: 43% против 30%. Скептики же в основном молоды: им 25-34 года (23%).

Кстати, о Марсе. В давние советские времена была популярной песенка, где пелось: «Утверждают космонавты и мечтатели, что и на Марсе будут яблони цвести…» Так вот – время от времени возникают дискуссии по поводу покорения этой планеты.

Вот и сегодня этой идеей обуреваем и знаменитый Илон Маск, активно занимающийся космическими полетами. Делает попытки запустить туда специальный космолет. Как говорится, подождем и увидим…

### НЕ ДО РАБОТЫ?.. ОТДЫХАЙ!..

Хозяин одного из супермаркетов в китайской провинции Хэнань Ю Донглай объявил, что его сотрудники могут брать отгулы в зависимости от настроения, чтобы «достичь лучшего баланса между работой и личной жизнью». Свою инициативу Ю объяснил так: «У каждого бывают моменты, когда он несчастен. Так что, если ты несчастлив, не приходи на работу. Мы хотим, чтобы у наших сотрудников была здоровая и расслабленная жизнь. Чтобы и у компании была такая же…»

## РАСАГЪÆС КÆНАЙТÆ!..



**Фарстатæн се 'мбесæй фулдæребæл раст дзуæппитæ ку раттай, уæд е уой æвдесæн æй, æма дæ зундгиндзийнадæ цæйбæрцæбæл бæрзонддæр æй:**

**1. Наполеони æфсæдтæ дæрæнгонд ку 'рцудæнцæ, уæд уонæми интендант (гæрзефтонг тухтæ хуæлцæй, тохæнгарзæй æма æндæр гъæугæ мадзæлттæй ефтонг кæнунбæл дзуапдæттæг) Стендаль иссæй финсæг, ниффинста берæ уацтæ æма надамонæг æрмæгутæ. Уотемæй æхецæн амал кодта фæццæруни фæрæзнитæ. Уой фæрци ка фæззиндтæй æма абони дæр ма хъæбæр пайдагонд кæмæй цæуй, еци дзурд куд хуннуй?**

**а)** Саквояж. **б)** Турист. **в)** Круиз.

**2. Æлхæнгути æргътæй кенæ барæнтæй еудадзуг ка сайдта, уой туххæй сæудегерти æхсæнадæй (гильдийæй) ке ратæриуонцæ, уони недзамайнаг Уæрæсей куд худтонцæ?**

**а)** Врунгильды. **б)** Гильдебранды. **в)** Разгильдяйи.

**3. Кæддæр бæх ка адтæй, фал ка æрæгудзæг æй, уой испайнагау куд хонунцæ?**

**а)** Буцефал. **б)** Мустанг. **в)** Росинант.

**4. Адæмон æууæндундзийнадæмæ гæсгæ «дууинсæй тар гъæдемæй» фæйиервæзæн ес еу мадзали фæрци – гъæуама рамарай еуцидæр уæвæги? Æма е куд хунну́й?**

**а)** Дæлуймони бæдолæ. **б)** Саскъæ. **в)** Гъуæрттун хæпсæ.

**5. Аллихузон хузтæ хъæбæр агъазиауæй ке фæббæрæг унцæ нæ интеллектуалон архайди кæцидæр хæйттæбæл, е рагæй дæр зундгонд æй. Зæгъæн, кадæр си агъаз кæнуй гъуддаг хуæздæр унæн æма гъудикæнуни бæлвурддзийнадæн. Уомæ гæсгæ ба дохтиртæ унаффæ кæнунцæ, скъолай ахури гъуддæгутæ æнхæст кæмæн не 'нтæсунцæ, еци сабийи уати фæрстæ уæхæн хузи хуарæнæй ниххуарун. Циуавæр æй еци хузæ?**

**а)** Сау. **б)** Цъæх. **в)** Бор.

**6. Цалдæр анзей размæ итайлаг сахартæй еуей тæрхондонæ еу æнæхæдзарæ хауллийæн рахаста хæдзари ахæст уни тæрхон. Æма пъæлицаг алли изæр дæр æнæфæццохæй бæрæг кодта, еци мæгур æ хуссæн голлаги хуссуй асфальтбæл æхе бунати æви нæ, уой. Циуавæр сахари æрцудæй цау?**

**а)** Милан. **б)** Неаполь. **в)** Палермо.

* * *

**Нур ба – раст дзуæппитæ нæ газети 12-аг номери мухургонд фарстатæн.**

**1.** Наполеон III. **2.** Уорс, **3.** Сифнæзи. **4.** Агъуддзийнадæ. **5.** Сæнæфсерæ. **6.** Къанфеттæ тохæн цъæрттæ – уой размæ дæр сæ куд нæ тохиуонцæ, фал Т. Эдисон ба уомæн æргъуди кодта сæрмагонд (парафинæй гъæст) гæгъæди.

Республикон дзиллон æхсæнадон-политикон газет «Дигорæ».
Сæйраг редактор: САКЪИТИ Бариси фурт Эльбрус.

Газет исаразæг æма уадзæг: РЦИ-Аланий мухури æма дзиллон коммуникацити гъуддæгути фæдбæл Комитет. 362003, РЦИ-Алани, г. Дзæуæгигъæу, Димитрови гъæунгæ, 2.

Редакций адрес: 362015 РЦИ-Алани, г. Дзæуæгигъæу, Къостай номбæл проспект, 11, 6-аг уæладзуг.
Тел.: 25-22-56 (факс), 55-08-16; 25-93-00.
E-mail: gazeta-digora@inbox.ru.
Нæ газети сайт: http://gazeta-digora.ru.

Газет регистрацигонд æй бастдзийнади, хабархæссæг технологитæ æма дзиллон коммуникацити сфери Федералон службы Управлений РЦИ-Аланий. Рег. номер ПИ №ТУ15-00141, 2017 анзи 14 апърели. Газет мухургонд æрцудæй АБÆ «Рауагъдадæ «Хонсайраг регион»-и. 357600, г. Ессентуки, гъæунгæ Никольская, 5а.

Газет цæуй къуæре еу хатт – геуæргибони.
Рафинсуни индекс: 73946.
Тираж 650. Заказ № 810.
Мухурмæ гъæуама финст æрцæуа – 17.00; 19.04.2023.
Мухурмæ финст æрцудæй – 17.00; 19.04.2023.

Нæ газетæй ист æрмæгæй пайда кæнун æнгъезуй, нæ редакций арæзийæй. Уæдта гъæуама бæрæггонд уа, нæ газетæй ист ке æй, е.
Финстæгутæ, къохфинститæ, хузтæн рецензи нæ дæттæн, уæдта сæ автортæмæ дæр фæстæмæ не 'рветæн.
Газети ци æрмæгутæ рацæуа, уонæбæл бæрнондзийнадæ хæссунцæ сæ автортæ.